



Notifikasyon ak Fòmilè pou Anile Patisipasyon nan Florida SHOTS Seksyon Vaksinasyon, Depatman Sante Florida



Enfòmasyon Ou Dwe Konnen Osijè Florida SHOTS (Sistèm Kontwòl Sante Anliy nan Eta a)

| |
|--|
| <p>Kisa Florida SHOTS ye?</p> <ul style="list-style-type: none"> ◆ Bazdone elektwonik Seksyon Vaksinasyon, Depatman Sante a, pou dosye vaksinasyon, jan lalwa Florida otorize l la (s. 381.003, F.S.). ◆ Yon sistèm sekirize ki pèmèt sèlman moun nesèsè ki aplike e ke Depatman Sante Florida apwouve yo, pou yo gen aksè ladann. ◆ Yon pi bon fason pratik pou asire dosye vaksinasyon pasyan yo ajou ak disponib. |
| <p>Patisipasyon nan Florida SHOTS vle di:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◆ Ou pap gen pou grate tèt sou kesyon pèdi dosye vaksen ki enpòtan yo. ◆ Fè li pi fasil pou soumèt prèv vaksinasyon - sitou pou enskripsyon nan lekòl, nan gadri, ak lòt kote. ◆ Fasilite pou anrejistre ak mete ajou enfòmasyon sou ansyen vaksen ak/oswa vaksen aktyèl yo. ◆ Kenbe meyè kalandriye vaksinasyon pou pasyan an, epi diminye chans pou resevwa vaksen ki pa nesèsè. |
| <p>Se sèlman moun ke Seksyon Vaksinasyon, Depatman Sante Florida apwouve yo ki kapab wè enfòmasyon pasyan an nan Florida SHOTS. Pami moun sa yo, ka genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◆ Pèsonèl swen sante. ◆ Anplwaye ki gen lisans ki travay nan gadri ak nan lekòl. ◆ Anplwaye ki travay nan Seksyon Vaksinasyon - lè sa nesèsè. |
| <p>Enfòmasyon pasyan ke yo konsève nan Florida SHOTS ka gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◆ Non, dat nesans, non responsab legal la (lè sa nesèsè) ak adrès. ◆ Enfòmasyon sou vaksinasyon, tankou: tip vaksen, dat yo bay yo, dispans pou vaksen, ak kalandriye vaksinasyon aktyèl. ◆ Fòmilè DH680 enskripsyon nan lekòl/gadri. <p><i>Pasyan ki fèt Florida nan dat 1ye janvyè 2003 oswa apre dat sa a, ap gen yon dosye nan Florida SHOTS. Yap konsève ak aktyalize dosye sa yo, ansanm ak dosye pwofesyonèl swen sante otorize yo kreye, nan Florida SHOTS, amwenske yo seleksyone estati pou anile patisipasyon an (ki pi ba a).</i></p> |

SI OU PA VLE PATISIPE NAN SISTÈM ENFÒMASYON SOU VAKSINASYON (IIS) FLORIDA SHOTS LA – TANPRI LI ENFÒMASYON KI ANNAPRE A:

Lè ou ranpli fòmilè ki pi ba a, wap deklare ke ou **PA** vle pou Florida SHOTS, IIS anrejistre, konsève oswa bay enfòmasyon sou vaksinasyon pase oswa prezan pou pasyan sa a. Sa vle di **ou menm**, antanke pasyan oswa responsab legal la, **wap sèl moun kap responsab** pou bay TOUT pwofesyonèl swen sante (ansanm ak pwofesyonèl swen sante prensipal la), lekòl, gadri, elatriye, enfòmasyon sou vaksinasyon yo, nenpòt lè yo mande sa.

Si w li tout enfòmasyon ki make anlè yo e malgresa ou **PA** vle patisipe nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Florida SHOTS la:

- Ranpi fòmilè pou anile patisipasyon an (ki pi ba a) epi voye l pa lapòs/pa imèl/pa FAKS nan:
 - Pa Lapòs: Florida Department of Health, Immunization Section, 4052 Bald Cypress Way, Bin A-11, Tallahassee, FL 32399-1719
 - Imèl: flshots@flhealth.gov
 - FAKS: (850) 412-5801
- Ou **fèt** pou ranpli tout seksyon nan fòmilè pou anile patisipasyon an (amwenske seksyon an make "opsyonèl").
- Yon fòmilè pou chak pasyan ki PAP patisipe nan Florida SHOTS IIS.

| | | | |
|--|---|--|--|
| Non Pasyan an: (Tanpri Ekri li avèk Gwo Lèt Detache) | _____ (Non Fanmi) | _____ (Prenon) | _____ (Inisyal Dezyèm Non) |
| _____ Konte Kote Pasyan an Abite: | ____ / ____ / ____ Dat Nesans Pasyan an | _____ Gason Fi Idantite Seksyèl Pasyan an (opsyonèl) | _____ Nimewo Idantifikasyon (ID) Leta pou Vaksinasyon (si li disponib) |
| _____ Nimewo Sekirite Sosyal Pasyan an (opsyonèl) | _____ (____) Nimewo Telefòn Pasyan an/Responsab Legal la | _____ Siyati Pasyan an/Responsab Legal la (Se pou li gen laj 18 lane oswa pi gran) | _____ Dat |
| _____ Non Jènfi Manman an (opsyonèl) | | _____ Tanpri Ekri Non an ak Gwo Lèt Detache | |

Lè mwen siyen ak soumèt demann ki anlè a, mwen rekonèt ke yo pap kenbe ak/oswa kreye OKENN dosye vaksinasyon pou pasyan sa a nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Florida SHOTS la. Mwen konnen yo ka chanje desizyon sa a, nenpòt lè, depi yo soumèt yon fòmilè Chanjman Estati pou Anile Patisipasyon (ki disponib nan www.flshotsusers.com, atravè Seksyon Vaksinasyon, Depatman Sante Florida, ak/oswa atravè yon pwofesyonèl swen sante). Mwen konprann tou ke pasyan sa a bezwen vaksinasyon pou pwoteje l kont maladi danjere ke vaksen anpeche e ke eksklizyon nan Florida SHOTS pa egzante pitit mwen kont vaksinasyon ki obligatwa pou ale nan gadri ak nan lekòl.